

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh struktur puisi dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru*, anu ngawengku struktur lahir (diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti) jeung struktur batin puisi, anu ngawengku (téma, rasa, nada, jeung amanat), ogé maluruh unsur ékspresif anu ngawengku faktor méntal pangarang (kontéplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa) jeung téhnik prosés kréatif Ubun Kubarsah anu ngawengku (tahap pamarekan, tahap nimukeun, tahap ngagarap, tahap ngaékspresikeun jeung tahap ngakomunikasikeun). Data dina ieu panalungtikan mangrupa 7 lagu nu aya dina album *Jasa Guru* sanggian Ubun kubarsah. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta 1) tiori struktur lahir atawa unsur pangwangunna nurutkeun Alton C. Morris anu ngawengku: diksi (*diction*), imaji (*imagery*), kecap kongkrit (*téh concrete word*), gaya basa (*figurative language*), jeung ritme jeung rima (*rhythm and rime*), 2) tiori struktur batin I.A Richard anu ngawengku: téma atawa makna (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat atawa udagan atawa maksud (*intention*), 3) unsur ékspresif panyanggi, anu disaluyukeun jeung pamadegan Chyé Rétyy Isnéndés ngeunaan faktor mental pangarang, 4) tiori M.H Abrams ngeunaan prosés kréatif. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis anu sifatna naturalis jeung faktual pikeun méré gambaran sacara sistématis jeung akurat ngeunaan faktor-faktor tur sifat-sifat tinangtu anu nyangkaruk dina objék panalungtikan. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi Pustaka, observasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi. Anapon téhnik ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis dumasar kana struktur puisi tiori I.A Richar. Sedengkeun struktur lahir atawa unsur pangwangunna nurutkeun Alton C. Morris. Pikeun ngolah data unsur ékspresifna disaluyukeun jeung pamadegan Chyé Rétyy

Isnéndés ngeunaan faktor mental pangarang jeung tiori M.H Abrams ngeunaan prosés kréatif.

Struktur puisi nu aya dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru* kaasup lengkep jeung variatif. Katitén tina struktur lahir lahirna anu mibanda kajembaran. Diksi dina ieu rumpaka kapaluruh aya 22 diksi tina 7 kawih. Diksi anu dipilih réa anu ngandung harti sabenerna tur sababaraha anu ngandung métafora. Lantaran ieu lagu mangrupa kawih anu dihususkeun keur barudak, ku kituna diksi anu digunakeun ku panyanggi téh basajan, sangkan gampang dipikapaham ku barudak. Imaji anu digunakeun ku panyanggi dina ieu album téh nyaéta, leuwih kana sangkan urang salaku nu ngadengekeun atawa nu maca ngaliwatan rumpakana bisa asup kana dunya atawa imaji anu dijieun ku panyanggi ngaliwatan karyana. Nu maca jeung nu ngadengekeun ngaliwatan rumpakana téh bisa nempo, ngarasakeun, ngarasa bisa gerak, jeung ngadéngé naon waé carita dina éta lagu. Kecap kongkrit anu kapaluruh dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru* karya Ubun Kubarsah aya 15 kecap jeung 7 frasa. Gaya basa, dina ieu album henteu réa gaya basa anu digunakeun ku panyanggi. Lantaran ieu album téh keur barudak. Ku kituna, basa anu digunakeun téh nyaéta basa anu basajan. Sok sanajan kitu, panyanggi angger ngagunakeun sababaraha gaya basa atawa majas dina sababaraha lagu, pikeun tujuan ngasupkeun ma'na anu jembar tur sangkan nembongkeun éfék éstétis atawa kaéndahan dina ieu album. Purwakanti atawa ritmé dina album *Jasa Guru* karya Ubun Kubarsah kapaluruh aya 4 purwakanti nyaéta purwakanti laraswekas, purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, jeung purwakanti margaluyu.

Struktur batin anu aya dina ieu album kawilang lengkep ti mimiti téma, nada, rasa, jeung amanat. Téma anu aya dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru* téh kapaluruh aya 5 téma nyaéta téma atikan, agama, cinta lemah cai, sosobatan, kebangsaan jeung sosial. Dumasar hasil panalungtikan téma anu réa kapanggih dina ieu album nyaéta téma atikan. Lantaran téma utama dina ieu lagu nyaéta 18 ajén atikan karakter. Ku kituna, téma anu réa kapanggih téh nyaéta téma atikan. Nada anu kapaluruh dina kawih asuh barudak album *Jasa Guru* kapaluruh nada Hormat, pépéling, kabagjaan, kasedih, jeung nada pinuh sumanget. nada anu réa kapaluruh nyaéta nada pépéling atawa nasihat. Rasa anu kapaluruh dina

rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru* nyaéta rasa kabungah, kasabaran, kasedih, kareueus, kakeuheul. Rasa anu réa kapaluruh dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru* nyaéta rasa kabungah. Amanat, amanat dina rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru*, réa amanat dina widang atikan nyaéta dina lagu “Jasa Guru”, amanat anu kapaluruh nyaéta kudu hormat ka bapa jeung ibu guru anu geus ngajar tur ngadidik muridna nepika bisa maca, nulis, ngitung, tur nembang. Gede pisan jasana, mun diibaratkeun mah saperti jasa pahlawan bangsa.

Dumasar kana hasil panalungtikan kapaluruh unsur ékspresif anu mangrupa faktor méntal panyanggi nyaéta Ubun Kubarsah anu ngawengku kontéplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegensi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa téh saling pakait. Kontéplasi, kontéplasi Ubun Kubarsah waktu nyieun kawih asuh barudak album *Jasa Guru* téh nyaéta niténan anu disebut karya-karya kawih murangkalih beunang sababaraha komposer atawa panyanggi sepuh tur niténan lagu-lagu negara séjén dipatalikeun jeung pangalamanna. Spontanitas anu dilakukeun ku Ubun Kubarsah nyaéta leuwih kana prosés menghayati fénomena sosial di masarakat. Intuisi anu dipiboga ku Ubun Kubarsah nyaéta anjeunna miboga harepan sangkan misi-misina anu ngaliwatan rumpaka kawih téh bisa karekam hadé di jero fikiran barudak, nepi ka dina waktuna *berkembang*, barudak bakal terus inget. Intelegensi anu dipiboga ku Ubun Kubarsah nyaéta miboga tarékah sangkan ngarobah aksi ngaliwatan lagu-lagu anu miboga téma atikan, protés, jeung sajabina tur miboga rasa hariwang kana lagu-lagu anu dipikareuseup ku barudak jaman kiwari nyaéta leuwih resep kana lagu basa deungeun atawa luar nagri, antukna mopohokeun basa Sunda tur lagu-laguna nu bisa ngawangun karakter barudak ngaliwatan basa indung. Pangalaman anu anu kungsi kaalaman ku Ubun Kubarsah anu patalina jeung karya sastra kawih nyaéta Waktu Ubun Kubarsah jadi mahasiswa, anjeunna ningali yén barudak SMA, SMP, jeung SD acan difokuskeun kana lagu Sunda anu saluyu atawa cocog jeung umurna. Anjeunna miboga kamandang yén lagu-lagu Sunda ogé kudu asup kana ka barudak ti mimiti umur TK, SD, SMP, jeung SMA. Integrasi atawa nyaluyukeun diri jeung kaayan sabudeureun ditembongkeun ku Ubun Kubarsah dina tujuanna sangkan ngawangun karakter budak ngaliwatan kawih Sunda, henteu ukur resep tapi ogé ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan

sapopoé. Pa Ubun ogé miboga kapekaan anu luhur kana kaayaan sosial anu lumangsung di masarakat, saperti waktu bencana alam di Acéh anjeunna ngaéksprésikeun ngaliwatan lagu Cimate Acéh (Ukur Cimate). Dina waktu ngalakukeun wawancara Ubun Kubarsah ngajawab patalékan-patalékan kalawan lancar tur rinci. Sok sanajan aya sababaraha patalékan anu dijawab dina hiji narasi. Émosi anu dikedalkeun ku Ubun Kubarsah téh ngaliwatan prosés asupna diri ka alam barudak. Konsép seni anu dipiboga ku Ubun Kubarsah nyaéta konsép seni anu *esensial* (miboga ma'na). Kakuatan batin Ubun Kubarsah timbul sabab aya rangsangan ingetan kana hiji hal, misalna waé baheula waktu sakola anjeunna téh ngahormat pisan boh ka guru, boh ka kolot, tur ka sasama. Imajinasi Ubun kubarsah dina kawih asuh barudak album *Jasa Guru* anu kapaluruh nyaéta Imajinasi nu dirasakeun ku anjeunna waktu asupna kana alam dunya barudak, kumaha ngaéksprésikeun émosi barudak waktu sedih, gumbira, haru.

Prosés kréatif pangarang atawa panyanggi dina nyieun karya ngaliwatan sababaraha tahap anu ngawengku tahap pamarekan, tahap nimukeun, tahap ngagarap, tahap ngaéksprésikeun, jeung tahap ngakomunikasikeun. Dina tahap pamarekan prosés nyieun karya, Ubun Kubarsah ngalaman prosés menghayati fénoména-fénoména sosial anu karandapan di lingkungan sabudeureun, pangalamanna dina niténan hal éta ku anjeunna éksprésikeun ngaliwatan karyana anu mangrupa lagu. Dina tahap nimukeun, ideu atawa gagasan Ubun kubarsah téh dimimitian ku karep hayang ngawangun karakter anu hadé pikeun barudak ngaliwatan kawih asuh barudak. Henteu ukur resep, Ubun kubarsah miharep yén dina sapopoéna barudak téh bisa ngagunakeun basa Sunda tur ngahaleuangkeun lagu anu cocog jeung umurna, dina basa Sunda. Dina tahap ngagarap Ubun Kubarsah ngumpulkeun atawa ngainventarisir laguna dina wangun album kawih asuh barudak di mimitian ti taun 2012 nepi ka taun 2018. Album *Jasa Guru* mangrupa album anu mikabutuh waktu anu lila dina tahap ngagarapna. Dina tahap ngaéksprésikeun tangtuna moal leupas tina perasaan tur pangalaman anu karandapan ku pangarang. Dina tahap ngaéksprésikeun Ubun Kubarsah tangtuna ngagunakeun basa, basa anu dikedalkeun ku manusa ngaliwatan vokal pikeun ngaéksprésikeun rasa, pikir jeung kahayang. Dina tahap ngakomunikasikeun, Ubun Kubarsah ngaéksprésikeun gumulungna tina totalitas ieu téh ngaliwatan

Siti Hapsya Humaira, 2023

Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

komunikasi. Barudak bisa ngaleyepan kawih asuh barudak minangka lagu anu ngaékprésikeun perasaanna tur bisa direkam dina memorina. Prosés komunikasi ogé lumangsung waktu diajarkeunna ieu kawih di sakola-sakola, ayana prosés intéraksi sacara psikologis antara guru jeung siswa ngaliwatan kawih asuh barudak album *Jasa Guru*.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, dicindekkeun yén kawih asuh barudak album *Jasa Guru* téh miboga struktur lahir anu lengkep dumasar tiori Alton C. Morris. Tur struktur batin anu lengkep ogé nurutkeun tiorina I.A Richard. Tur prosés kréatif anu dipangaruhan ku unsur-unsur éksprésif anu ngawengku faktor méntal panyanggi dina nyieun rumpaka kawih asuh barudak album *Jasa Guru*.

5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalegaan informasi ngeunaan karya sastra kawih, hususna kawih asuh barudak boh dina strukturna, boh dina unsur éksprésifna, jeung prosés kréatif pangarang. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber inspirasi dina nyieun karya anu sarupa ngagunakeun prosés kréatif dumasar kana gayana sewang-sewang tur jadi gambaran umum pikeun masarakat ngeunaan ma'na anu nyampak dina rumpaka kawih asuh barudak. Sangkan henteu leungit éksisténsi kawih asuh anu dihususkeun keur barudak.

Panalungtikan kawih asuh barudak album *Jasa Guru* ieu téh lain saukur album *Jasa Guru* minangka téks sastra dina wangun kawih, tapi leuwih jero deui nyaéta kawih asuh barudak minangka hasil kontémplasi diri jeung harepan ti panyanggi pikeun ngawangun karakter barudak anu hadé, kalawan ngagunakeun basa indungna nyaéta basa Sunda. Pon kitu, panyanggi salaku anu nyanggi ieu album ngalaman prosés kréatif dina nyiptakeunna. Prosés kréatif panyanggi téh mangrupa salasahiji élémén anu penting pikeun jadi objék dina ieu panalungtikan.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ditujukeun pikeun pangarang, panalungtik, jeung masarakat umum

Siti Hapsya Humaira, 2023

Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun pangarang, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngagambarkeun cara ngaéksprésikeun faktor méntal panyanggi, tuluy bisa jadi sumber inspirasi dina nyieun rumpaka kawih asuh barudak.

Pikeun panalungtik, dipiharep bisa dijadikeun sumber référénsi dina studi literaturna, sangkan ngajembaran pangaweruh dina tiori sastrana. Dipiharep bisa leuwih ngajembaran deui dina nganalisis rumpaka kawih dina wangun séjénna ngagunakeun pamarekan objéktif (struktural) jeung éksprésif kalawan leuwih nyosok jero. Lantaran masih kénéh saeutik panalungtikan anu ngakaji ngeunaan kajian éksprésif dina karya sastra wangun kawih.

Pikeun masarakat, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina karya sastra, hususna kawih asuh barudak anu di jerona téh ngadung ajén-inajén pikeun ngawangun karakter kasundaan anu hadé keur barudak.